

Sèvi ak fòm sa a sèlman pou chanje sèks oswa pou chanje ni sèks ni non sou yon batistè Vil New York (New York City, NYC). Ale sou nyc.gov/vitalrecords pou konnen kantite tan yo pran pou yo travay sou sa a, estati kòmmand lan, ak enfòmasyon anplis yo bezwen aktyèlman.

(Tanpri ekri klè ak lèt detache epi mete mezi enfòmasyon ou kapab an anglè.
Tradiksyon fòm sa a disponib sou entènèt sèlman pou ka gade l — tanpri ranpli fòm anglè a ann anglè.)

Kimoun ki ka aplike pou yon chanjman sèks?

- Se non w ki dwe nan batistè a epi ou dwe genyen 18 an pou pi piti, oswa paran oswa responsal legal moun ki gen non l nan batistè a si moun nan gen pi piti pase 18 an. Moun ki gen non l nan batistè a dwe fèt nan senk (5) minisipalite vil New York yo (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, Staten Island).
- Aplikasyon sa a se pou moun ki pa idantifye tèt yo avèk sèks yo te ba yo lè yo te fèt la oswa ki pa vle konfòme yo ak yon idantite seksyèl espesifik.
- Sonje si lopital la te fè yon erè nan sèks ki nan batistè a nan moman moun nan te fèt la, ou pa ta dwe ranpli fòm sa a. Olye sa a, ranpli Aplikasyon pou Korije yon Batistè Vil New York sou on.nyc.gov/birthcertcorrect.

Kijan Mwen Ka Chanje yon Sèks?

- Pou kòmanse, ale nan paj 2 fòm sa a epi idantifye ki kalite chanjman sèks ou vle fè a.
- Toudepannde kalite chanjman sèks ou vle fè a, ale nan Tablo A oswa Tablo B.
- Li ak anpil atansyon enstriksyon ki sou Tablo a konsènan kalite dokiman w ap bezwen soumèt ak aplikasyon w lan.
- Rasanble dokiman ki nesèsè yo epi mete yo ak aplikasyon w lan.
- Ranpli tout enfòmasyon sou Paj 5 rive nan Paj 8.
- Asire w ou siyen epi ou mete dat nan Paj 7 la epi ou notarye Paj 8 la.
- Ou dwe soumèt yon idantifikasyon (ID) ki gen foto epi ki valab (ki pa ekspire). Si kandida an poko gen 18 lane epi non toulede paran yo sou batistè a, toulede paran yo dwe siyen aplikasyon an epi soumèt fotokopi idantifikasyon yo ki poko ekspire epi ki tou siyen. Nou aksepte kopi idantifikasyon kandida ak paran avèk aplikasyon yo voye pa lapòs yo. Fotokopi yo dwe klè epi yo dwe gen ladan devan ak dèyè idantifikasyon an. Pou jwenn yon lis idantifikasyon yo aksepte, ale sou nyc.gov/health epi chèche [dokiman rejis nesans ak lanmò ki obligatwa](#), apresa, gade nan lis dewoulman Prèv Idantite a.

Dokiman ki Obligatwa yo

- Ou dwe voye dokiman ki orijinal. Yo pa aksepte kopi, fotokopi ki notarye oswa dokiman ki chanje.
- Si w ap chanje non ki nan batistè a, òdonans tribinal ki sètifye pou chanje non legal ki orijinal la dwe genyen ladan sa a ki annapre yo: non konplè lè li te fèt (non orijinal la), dat li fèt, kote li fèt ak nimewo batistè a. Si òdonans tribinal la pa genyen kat idantifyan sa yo, soumèt petisyon orijinal pou chanje non an ba tribinal la. Si chanjman nan batistè a se pou yon moun ki poko gen 18 an, òdonans tribinal ki sètifye pou chanje non legal la dwe genyen ladan non konplè paran an (yo) nan batistè a.
- Si w ta renmen yon lèt atestasyon ak batistè korije w la, chwazi Wi nan Seksyon Twa nan Paj 6 la.
- Ou dwe sèlman notarye yon paj aplikasyon sa a — gade nan Paj 8.
- Bay òdonans tribinal gad legal orijinal la, si ou se responsab legal la (yo).

Frè: Konbyen li Koute pou Ou Fè yon chanjman?

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYC Health Department) (Depatman Sante Vil New York) fè peye yon frè **\$40 pou travay sou demann lan** (yo p ap ranbouse frè sa a), plis \$15 pou chak kopi yon nouvo sètifika. Ou ka fè yon kòmman twa (3) kopi pou pi plis.

Voye tout dokiman ki nesèsè yo ak pèman (chèk oswa manda postal) bay:
NYC Department of Health and Mental Hygiene Corrections Unit • Attention: Group A
125 Worth Street • Room 144 • CN-4 • New York, NY 10013

Si ou gen kesyon sou fason pou ranpli aplikasyon sa a, voye yon imèl bay tgny@health.nyc.gov.

Kisa ou ta renmen mande?
Idantifye sa a ou bezwen soumèt dapre Tablo ki annapre yo.

Kalite Chanjman yo Mande:		Kisa pou Mwen Soumèt?
1	Mwen gen 18 lane oswa plis epi mwen vle chanje ni sèks ni non ki nan batistè mwen an.	Gade nan Tablo A.
2	Mwen gen 18 lane oswa plis epi mwen vle chanje Sèlman sèks ki nan batistè mwen an.	Gade nan Tablo A.
3	Mwen se paran oswa responsab legal yon timoun minè (ki gen pi piti pase 18 lane) epi mwen vle chanje ni sèks ni non ki nan batistè l la.	Gade nan Tablo B.
4	Mwen se paran oswa responsab legal yon timoun minè (ki gen pi piti pase 18 lane) epi mwen vle chanje Sèlman sèks ki nan batistè l la.	Gade nan Tablo B.

Si w ap mande yon koreksyon oswa yon modifikasyon nan batistè w la ki **pa** endike pi wo a, ou dwe toujou ranpli Aplikasyon pou Koreksyon yon Batistè Vil New York — ou ka jwenn fòm nan sou on.nyc.gov/birthcertcorrect. Ou dwe voye toulede aplikasyon yo ansanm nan kourye lapòs. Se yonsèl fwa w ap peye frè aplikasyon \$40 ki pa ranbousab la epi li kouvri frè pou modifikasyon ki soumèt nan youn oswa toulede fòm yo.

Sonje si lopital la te fè yon erè nan sèks ki endike nan batistè a nan moman moun nan te fèt la, ou pa ta dwe ranpli fòm sa a. Olye sa a, ranpli Aplikasyon pou Koreksyon yon Batistè Vil New York sou on.nyc.gov/birthcertcorrect.

Tablo A. Granmoun K ap Chanje Sèks ak/oswa Non nan Batistè yo

#	Metè yon kòch (✓) sou atik ki aplike pou ou a. (Se sèl ou menm k ap itilize sa a.)	Mwen se	Mwen vle	Kisa mwen dwe fè?
1	<input type="checkbox"/>	Moun ki endike nan batistè a epi li gen 18 lane oswa plis	Chanje sèks ki nan batistè mwen an epi chanje non mwen legalman	<ul style="list-style-type: none"> • Ranpli Seksyon En, De, Twa, Kat ak Sis nan aplikasyon sa a — gade nan Paj 5 a 8. • Soumèt frè ki aplikab an — gade nan Paj 8. • Siyen Paj 7 epi notarye Paj 8. • Tanpri bay kopi yon pyès idantite valab ki siyen. • Jwenn yon òdonans tribinal ki sètifye pou chanje non legal la. Si w abite nan vil New York, ou dwe ale nan Tribinal Sivil epi mande yon chanjman non legal. Si w abite deyò vil New York, ale nan tribinal ki apwopriye nan zòn ou an epi mande yon chanjman non legal. Òdonans tribinal ki sètifye pou chanje non legal la dwe genyen ladan non konplè lè moun nan te fèt la, kote li fèt la, ak nimewo batistè a. • Non ak dat nesans ki sou dokiman yo bay yo dwe menm bagay ak sa a ki nan batistè a ak idantifikasyon ki gen foto a. Si non yo diferan, ou dwe soumèt lòt dokiman ki montre kijan yo te chanje non an.
2	<input type="checkbox"/>	Moun ki endike nan batistè a epi li gen 18 lane oswa plis	Chanje Sèlman sèks ki nan batistè mwen an.	<ul style="list-style-type: none"> • Ranpli Seksyon En, De, Twa, Kat ak Sis nan aplikasyon sa a — gade nan Paj 5 a 8. • Soumèt frè ki aplikab an — gade nan Paj 8. • Siyen Paj 7 epi notarye Paj 8. • Bay kopi yon pyès idantifikasyon valab ki gen foto epi ki siyen. • Non ak dat nesans ki sou dokiman yo bay yo dwe menm bagay ak sa a ki nan batistè a ak idantifikasyon ki gen foto a. Si non yo diferan, ou dwe soumèt lòt dokiman ki montre kijan yo te chanje non an.

Tablo B. Paran an (yo) oswa Responsab Legal la (yo) K ap Chanje Sèks ak/oswa Non nan Batistè Pitit yo

#	<p>Mete yon kòch (✓) sou atik ki aplike pou ou a. (Se sèl ou menm k ap itilize sa a.)</p>	<p>Mwen se</p>	<p>Mwen vle</p>	<p>Kisa mwen dwe fè?</p>
1	<input type="checkbox"/>	<p>Paran oswa responsab legal yon timoun minè (ki gen pi piti pase 18 an) ki endike nan batistè a.</p>	<p>Chanje sèks ki nan batistè timoun mwen an epi chanje non l legalman</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Ranpli Seksyon En, De, Twa, Senk ak Sis nan aplikasyon sa a — gade nan Paj 5 a 8. • Soumèt frè ki aplikab an — gade nan Paj 8. • Siyen Paj 7 epi notarye Paj 8. Si toulede paran yo endike nan batistè a, toulede dwe siyen.* • Bay kopi pyès idantifikasyon paran an (yo) oswa responsab legal la (yo) ki valab epi ki siyen. • Bay òdonans tribinal gad legal orijinal la, si ou <u>se responsab legal la (yo)</u>. • Jwenn yon òdonans tribinal ki sètifye pou chanje non legal la. Si w abite nan vil New York, ou dwe ale nan Tribinal Sivil epi mande yon chanjman non legal. Si w abite deyò vil New York, ale nan tribinal ki apwopriye nan zòn ou an epi mande yon chanjman non legal. Òdonans tribinal ki sètifye pou chanje non legal la dwe genyen ladan non konplè lè moun nan te fèt la, kote li fèt la, non paran an (yo) ak nimewo batistè a. • Non ak dat nesans ki sou dokiman yo bay yo dwe menm bagay ak sa a ki nan batistè a ak idantifikasyon ki gen foto a. Si non yo diferan, ou dwe soumèt lòt dokiman ki montre kijan yo te chanje non an.
2	<input type="checkbox"/>	<p>Paran oswa responsab legal yon timoun minè (ki gen pi piti pase 18 an) ki endike nan batistè a.</p>	<p>Chanje sèlman sèks ki nan batistè pitit mwen an.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Ranpli Seksyon En, De, Twa, Senk ak Sis nan aplikasyon sa a — gade nan Paj 5 a 8. • Soumèt frè ki aplikab an — gade nan Paj 8. • Siyen Paj 7 epi notarye Paj 8. Si toulede paran yo endike nan batistè a, toulede dwe siyen.* • Bay kopi pyès idantifikasyon paran an (yo) oswa responsab legal la (yo) ki valab epi ki siyen. • Bay òdonans tribinal gad legal orijinal la, si ou <u>se responsab legal la (yo)</u>. • Non ak dat nesans ki sou dokiman yo bay yo dwe menm bagay ak sa a ki nan batistè a ak idantifikasyon ki gen foto a. Si non yo diferan, ou dwe soumèt lòt dokiman ki montre kijan yo te chanje non an.

***Kisa pou ou fè si dezyèm paran an mouri oswa si yon paran pa kapab siyen:**

- Si dezyèm paran an vivan, ou bezwen yon òdonans tribinal orijinal pou pèmèt yon paran siyen pou moun ki enskri a.
- Si dezyèm paran an mouri deyò vil New York, bay yon kopi orijinal akdesè l la.
- Si dezyèm paran an mouri nan vil New York (Manhattan, Queens, Brooklyn, Bronx, Staten Island), bay yon kopi akdesè Vil New York li a.

Seksyon En (1): Kijan Ou Rele?

Sonje ou dwe gen 18 lane pou pi piti. Ekri ak lèt detache byen klè epi itilize lank nwa sèlman. Itilize non ki parèt sou pyès idantifikasyon w lan aktyèlman la.

PRENON	DEZYÈM PRENON	SIYATI
ADRÈS POSTAL		NIMEWO APATMAN
VIL	ETA	KÒD POSTAL
NIMEWO TELEFÒN PRENSIPAL	LÒT NIMEWO TELEFÒN	ADRÈS IMÈL

Kisa kandida ye pou ou: Mwen-menm Manman/papa Papa/paran Responsab legal

Eta sivil: Selibatè/pa t janm marye Marye Separe Divòse Vèv/Vèf
 Plasaj ki Enrejistre

Seksyon De (2): Enfòmasyon sou Batistè

Pou seksyon sa a, ekri sa a ki endike sou batistè ou vle korije a.

Nimewo batistè a (kite l vid si ou pa konnen li): 1 5 6 — —

Non ki nan batistè a jan li parèt ladan **aktyèlman** la:

PRENON	DEZYÈM PRENON	SIYATI
--------	---------------	--------

Dat nesans ki endike nan batistè a (mwa/jou/ane): / /

Sèks ki nan batistè a jan li parèt ladan aktyèlman la: Gason Fi X*

*X yon idantite seksyèl ki pa sèlman gason oswa fanm (yon idantite seksyèl ki pa ni fanm ni gason).

Non jèn fi manman ki nan batistè a jan li parèt ladan aktyèlman la:

PRENON	SIYATI
--------	--------

Kote w fèt ki nan batistè a jan li parèt ladan aktyèlman la (kite l vid si w pa konnen):

NON LOPITAL LA, SANT AKOUCHMAN AN OSWA, SI SE LAKAY, ADRÈS RI, VIL, ETA, KÒD POSTAL

Twazyèm Seksyon: Kisa Ou Vle Chanje?

Itilize yon liy pou chak koreksyon. Nou pa ka aksepte yon fòm ki gen tèks ki kwaze oswa ki gen likid pepè sou li. Si w fè yon erè, itilize yon lòt fòm aplikasyon.

Èske ou bezwen yon lèt atestasyon? (Pa gen frè anplis.)

Wi Non

Kisa ou vle chanje?	Kisa ki endike nan batistè a aktyèlman la?	Kisa ki ta dwe ekri nan rejis nesans lan?
Egzanp: Sèks	Egzanp: Gason	Egzanp: Fi
Egzanp: Prenon	Egzanp: Michael	Egzanp: Jane

Seksyon Kat (4): Siyen Aplikasyon Ou An

Ekri non w konplè pi ba a si w ap ranpli aplikasyon sa a pou tèt ou epi ou gen 18 lane oswa plis. Si w pa t chanje non w legalman, itilize non an jan li parèt nan batistè w la (prenon, dezyèm prenon ak siyati). Si w te chanje non w legalman, ekri non ki endike nan òdonans tribinal la.

Mwen _____ deklare nan dokiman sa a sou sanksyon pou fo enfòmasyon sou sèman demann
Prenon, dezyèm prenon ak Siyati

pou chanje sèks ki nan batistè mwen an soti nan _____ pou tounen _____
Gason, fi oswa X* Gason, fi oswa X*

reprézante vrè idantite seksyèl mwen epi mwen pa fè sa a pou okenn fwod.

*X se yon sèks ki pa egzakteman gason oswa fanm (yon idantite seksyèl ki pa ni fanm ni gason).

Ou dwe siyen pi ba (si ou gen pou pi piti 18 lane oswa plis epi w ap mande koreksyon nan pwòp batistè pa w):

SIYATI MOUN KI RANPLI APLIKASYON SA A	DAT
---------------------------------------	-----

Si w te ranpli Seksyon Kat (4), sote Seksyon Senk (5) epi ale nan Seksyon Sis (6).

Seksyon Senk (5): Paran oswa Responsab Legal la (yo) Siyen Aplikasyon pou yon Timoun Minè Ki Gen Pi Piti Pase 18 An

Ekri ak lèt detache non konplè a (yo) (prenon, dezyèm prenon ak siyati) paran an (yo) ki endike nan batistè timoun nan. Si se responsab legal timoun nan ki ap ranpli aplikasyon sa a, ekri non konplè ki endike nan òdonans tribinal gad legal la ak lèt detache. Si w ap chanje non timoun nan tou, ekri non konplè paran an (yo) oswa responsab legal la (yo) jan li (yo) endike nan òdonans tribinal pou chanje non legal la. Si toulede paran yo endike nan batistè a, toulede paran yo dwe siyen aplikasyon sa a.

Mwen _____ ak _____, nou jire nan nan dokiman sa a anba sanksyon
Prenon, dezyèm prenon ak siyati manman an oswa paran an oswa responsab legal la Prenon, dezyèm prenon ak siyati papa a oswa paran an oswa responsab legal la

si nou bay fo enfòmasyon, ke demann pou chanje sèks la ki nan batistè pitit mwen soti nan _____
Gason, fi oswa X*

pou tounen _____ reprézante vrè sèks idantite seksyèl li epi mwen pa fè sa pou mwen komèt okenn fwod.
Gason, fi oswa X*

*X yon sèks ki pa egzakteman gason oswa fanm (yon idantite seksyèl ki pa ni fanm ni gason).

Paran an (yo) oswa responsab legal la (yo) ki endike pi wo a dwe siyen pi ba a:

SIYATI MANMAN AN OSWA PARAN AN OSWA RESPONSAB LEGAL LA	DAT
SIYATI PAPA A OSWA PARAN AN OSWA RESPONSAB LEGAL LA	DAT

Ale nan Seksyon Sis (6)

Aplikasyon sa a dwe notarye nan paj sa a.

Pou notè a ranpli.

Eta _____

Konte _____

Siyen epi asèmante devan mwen:

nanjou _____ nandat _____, 20 _____

Siyati Notè Piblik la

So Notè Piblik

Avètisman: Piga okenn moun fè yon deklarasyon ki fo, ki pa vre oswa ki twonpe oswa fòje siyati yon lòt moun sou yon aplikasyon ki nesèsè pou prepare dapre Kòd Sante Vil New York la. Y ap pini moun ki vyole Kòd Sante a kòm yon deli (KÒD SANTE VIL NEW YORK 3.19). Li se yon zak pou soumèt fo idantifikasyon epi y ap mennen moun ki komèt zak sa a devan lajistis.

Frè ak Fason Pou ou Soumèt Aplikasyon w lan

Gen yon frè \$40 pou travay sou demann pou fè chanjman sa a yo p ap ranbouse, plis \$15 pou chak kopi batistè yo modifye.

Pa egzanp, depans pou modifye yon batistè epi pou mande de (2) kopi ki modifye se \$70:
Frè pou travay sou sa a = \$40 + \$30 pou de (2) batistè = \$70 total.

Kalkile Depans pou Demann Ou an

Yo p ap ranbouse frè pou travay sou demann lan: \$40

Kantite batistè ki modifye yo mande (3 pou pi plis): _____

Miltipliye pa **\$15 pou chak batistè ki korije egal: \$** _____

Montan Total la Ladan: **\$** _____

Tanpri fè chèk la oswa manda postal la sou non: **NYC Department of Health and Mental Hygiene**.
Nou pa aksepte lajan kach. Sèvis kliyantèl an pèsòn disponib sou randevou. Kliyan an pèsòn ka peye ak yon kat kredi oswa yon kat debi, yon chèk oswa yon manda postal. Pou pran yon randevou an pèsòn, ale sou bit.ly/book-certificate-appointment.

Voye li nan lapòs nan: NYC Department of Health and Mental Hygiene Corrections Unit
Attention: Gwoup A:
125 Worth Street, Room 144, CN-4
New York, NY 10013

Pou ou jwenn èd avèk aplikasyon sa a, rele **311** oswa voye yon imel nan tgnyc@health.nyc.gov.